Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 8 (7304)
21 февраль 2018 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

АТКялъул ва активалъул данделъи

## Жеги хIалхьиялда чIезе бегьуларо





I9 февралалда МОялъул бетIер, районалъул АТКялъул председатель ГI. НурмухIамадовас тIобитIана комиссиялъул члеиалги районалъул активги ахIараб заседание. Гьенир гIахьаллъана РДялъул МугIрузул территориалияб округалъул вакил, РДялъул БетIерасул кумекчи М. Камилов, МугIрузул округалъул АТКялъул аппаратальул вакил С. Сайпов. Активалда хал гьабуна хадусел суалазул:

I. Гьаб соналъул I5 февралалда районалъул ХарачIи росулъ тIобитIараб контртеррористическияб операция ва гьениб бугеб ахIвал-хIал.

2. МОялъул ИштIибури ва Колоб росабалъ бугеб ахIвал-хIал.

3. РФялъул Президент вищизе рищиял тIоритIиялде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул хIакъалъуль.

Заседание рагьулаго ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна Гъизляр шагьаралда ккараб балагьаб ишалда. Бихьизабуна гьениб Георгий Победоносецасул храмалда гIадамал чIванин ва лъукъанин.

КIалъазе вахъарав М. Камиловас гьадин абуна: «Гъизляралда ккараб ишалъ нилъ инжит гьаруна, гьелъул хIакъалъулъ бицине ккола нилъеца. Киназго дин тIибитIизабизе бегьула гIакълоялъул гIорхьи цIунун. Гьединго киса-кибего гIадамал ракIарарал бакIазда хIинкъи гьечIолъи букIинабизе ккола нильеца тIоцебесеб иргаялда»,-абун.

Киналго кIалъазе рахъараз цогояб къимат кьуна Гъизляралда ккараб сурукъаб ишалъе: -Гьеб ккола жеги нилъер республикаялда ккун букIинчIеб гIадаб хIалихьатаб такъсир, гьелъул мурад буго гIемермиллатазул халкъал цоцалъ разе тIами, Дагъистаналда халкъазул гьоркьоблъи хвезаби. Районалъул цониги чияс рахъ кколаро гьеб нахъегIанаб такъсиралъул,-абун бихьизабуна гьениб.

I5 февралалда районалда гьабураб контртеррористическияб операциялъул бицана Россиялъул районалда бугеб ОМВДялъул начальникасул зам. Н. Нажмудиновас. -20I2 соналдаса нахъе органаз валагьулев вукIана ХарачIи росулъа жинда хадур цIакъго захIматал такъсирал ругев Асадулаев Къ. Гьев вахчун вугеб бакI лъазабун букIана. Рагъулаб ахIвал-хIалалда гьев чIвана, лъабго ихтияр цIунулел органазул хIалтIухъаби лъукъана, гьезул цояв больницаялда хвана. Жакъасеб къоялда районалъул территориялда буго захIматаб ахIвал-хIал. ГьабсагIаталда розыскалда руго 70 чи, гьезул 65 чи ккола Сириялъулал халкъазда гьоркьосел террористиял организациязда ругел, гьединго гьес бицана ИштIибури, Колоб, ай «Сельсовет Иштибуринский» МОялда бандитазе кумек гьабурал ралагьиялъе гьарулел ругел хIалтIабазул.

Докладалда тIадчIей гьабулаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна гьел росабазул бутIрул, диниял хIаракатчагIи, школазул директорал, депутатазул корпус лъикI хIалтIаралани гьединал захIмалъаби рукIинароанин,-абун.

«Сельсовет Иштибуринский» МОялъул бетIер М. Сайгидовасул рагIабазда рекъон росулъаса кумекчагIилъун чIезарурал кинабгIаги щакIлъизе жо бихьун букIинчIин.

КIалъазе вахарав С. Сайповас бихьизабуна щакIлъи ккарал кквезе кколин, Гьеуб росулъ букIараб мисал кIочене бегьуларин, районалъул бетIерасгун цадахъ росдал бетIерас гьенир гIайибиял кверде рачIинарунин, цогидазги гьедин гьабунин. Гьединго лъикIаб букIинаан Асадулаев Къ, чIаго кверде вачIинавуравани, къурбанал рукIинароанин тIадчIей гьабуна гьес.

РФялъул Президент вищиялде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул бицана ТИКалъул пред. А. Расуловас. Гьес чIванкъотIун бицана районалда рищиял гьариялде гьабулеб бугеб хIалтIул, гьелъул тIалабазул, нормабазул, гьел цIунизе ккеялъул.

Хадув кIалъана М. ХIамзатов. Гьес тIадчIей гьабуна рищиялъул заманалда гIадамазе хIинкъи гьечIолъи букIинабизе ккеялда. БутIрузе гьеб суалалда хурхун кьуна тIадкъаял.

Ахиралда кIалъалаго ГI. НурмухIамадовас абуна: «Дица нуж ахIула рищиязул суалалде жавабчилъигун балагьизе. Гьединго баркала загьир гьабула районалда гIадлу-низам букIинабиялъе гьабулеб хIалтIухъ жанисел ишазул хIалтIухъабазе ва районалъул АТКялъе»,-абун.

## НахъегIанаб такъсир

**Унсоколо районалъул администрациялъул хIалтIухъаби, районалъул Собраниялъул депутатал, тIолалго районалъул гIадамал, живго «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов унго-унголъунги ццим бахъун цере рахъана Гъизляр шагьаралъул храмазул цоялда тIаде кIанцIун гьабураб гьужумалда хурхун.**

«Нижеца таваккалалда дандечIей лъазабула бокьараб зулмуялде данде. РакI-ракIалъ зигара бала хваразул ва чIаго хутIаразул гIагарлъиялда. Унсоколо районалъул Администрациялъ гьеб нахъегIанаб такъсир рикIкIуна гIадамазда гьоркьоб ричIчI баккилъун ва православниябгун бусурбабазул диназул гIадамал цоцаде данде рахьине тIамилъун, Кавказалда гIасрабаз ракълида ругел гIадамал цоцалъ разелъун гьабураблъун.

Лъалеб букIахъе 22 сон барав бихьинчияс Гъизляралда храмалдаса къватIире рачIунезда речIчIана. ЧIвана щуго чи, жеги ункъгоял лъукъана. ТIаде кIанцIарав гIадлу-низам цIунулез чIвана. Ккаралда хурхун цIех-рехазул комитеталъ кIиго уголовнияб дело гьабун буго.

## Иргадулаб данделъи

I9 февралалда райадминистрациялда букIана иргадулаб аппараталъулаб совещание. Гьеб бачана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. ГIахьаллъана районалъул депутатазул Собраниялъул пред. К. Асадулаев, бетIерасул замал С. АрулмухIамадов, М. ХIасанова, М. ХIамзатов, администрациялъул хIалтIухъаби.

Къойил темаялде росун рукIана: ракьал тIад хьвай, неформалияб занятость, налогал ракIари ва цогидалги суалал. Бицана аппараталъулал хIалтIухъабазда цере чIарал масъалабазул ва арал данделъабазул тIадкъаял тIуран ругеб куцалъул.

Данделъиялъул байбихьуда руцIун чIеялдалъун ракIалде



щвезаруна I8 февралалда Гъизляр шагьаралъул храмалда кIалтIа ккараб лъугьа-бахьиналда чIварал гIадамал. «Гьеб нахъегIанаб такъсир гьабуна Дагъистаналъул гIемермиллатазул республикаялда миллатазда гьоркьоб ахIвал-хIал хIалуциналъе, динги хIалае ккун халкъал цоцазде рахьинариялъе»,-ян абуна ГI. НурмухIамадовас ва гьваридаб пашманлъи загьир гьабуна гьеб ишалда хурхун.

Налогал ракIариялда хьатIулаго гьес тIадчIей гьабуна гьеб кьеялдаса рахчун ругел объектал лъазаризе ва хIисабалде росизе ккеялда. –ГIагараб заманалда росабазул генералиял планазул, ракьал хIалтIизариялъул, ралел бакIазул, ракьазул гIорхьаби лъеялъул, гьел хьваялъул суалал рагIалде рахьинаризе ккола. ГьелъиезамангичIезабизеккола,-янабунабетIерас. Данделъиялда бицана ВатIан цIунулезул Къоялде хIадурлъиялъул ва гь. ц.

Жиндирго кIалъаялда С. АрулмухIамадовас бицана бюджеталъул хIакъалъуль, гьеб кьабул гьабиялъул.

Ахиралда кIалъалаго бетIерас кIвар буссинабуна рукIине ругел структуриял хиса-басиязда, тIадкъаял кьуна гьеб иш тIаде кколезе.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 8 (7304)*

*21 февраль 2018 сон*

2 гъумер

Гъизляралда ккараб гӀадамал чӀвараб лъугьа-бахъиналъ хӀалуцараб хӀал буго Дагъистаналда. Гьеб иш рикӀкӀунеб буго терроризмалда хурхараблъун. Ц1унулел руго киналго храмал. ХӀаракатчилъизабун буго терроризмалда ва экстремизмалда хурхарал цӀех-рехалъулал хӀалтӀаби.



**Рищиял:** редакторалъул колонка

# Путиние гьаракь щай кьезе кколеб?!

РикӀкӀарал къоял хутӀун руго Россиялъул Президент вищулел рищиял тӀаде щвезе. Жакъа гӀадинаб дунялалъулго агрессорал – хӀукуматаз Россиялдехун хӀалуцараб рокьукълъи лъазабулеб заманалда унго-унголъунги гьелда ракӀ бугев нухмалъулев тӀаде ккей чара гьечӀеблъун ккола. Сверухъ бугеб ахӀвал-хӀалалъул хӀисабги гьабураб мехалъ вачӀине вугев президентасда бараб букӀунин Россиялъул хадубккунисеб къисмат,-ян абуниги мекъи ккеларо.

ГӀемер батӀи-батӀиял пикраби гьаризе тӀамула телевизоралда
сан дебатазухъги, ругел кандидатазул кӀалъаязухъги гӀенеккараб мехалъ. «ЛъалкӀида гӀанкӀ ккунин, рагӀуда мокъокъ ккунин» абухъего бигьаго бичӀчӀула гьезул тӀеренаб рахъ. ЛДПРалъул рахъалдасан кандидат Жириновскияс абуна: -Кинаб букӀаниги ЕГЭ хӀажат гьечӀо, экзаменал кьезе кколаро, тӀадегӀанаб лъай щивасе щвезе ккола,-ян. Гьебги кандидатасул жиндирго рахъ кколел цӀикӀкӀине гьабураб агитация батила. Амма гӀакълуялъ кинха гьеб къабул гьабулеб. Экзаменалги гьечӀого щивав чи жаниве хьвадулеб бакӀищ кколеб цӀалул заведение. Гьединаб къагӀидаялъ рачинародай добго тӀадчилъи лъай гьечӀел гӀадамазухъе щвеялде, ричун росарал дипломазде ва лъай бугел хӀакъир гьариялде. ГӀадамазул инициатива кумекалъеги босун депутатлъиялде кандидатура лъун буго К. Собчакица. «Россиялда кӀалъазе чи гьечӀого кумекалде ккун ячӀанин лъазабула гьелъ СШАялдеги ун. Гьенисан жиндиего кумек Украинаги гьоркьоб ккун гьаби буго гьелъул мурад. Власталда ячӀиналдего улка бичарай хиянатчӀужуйищ йищилей!? Гьединго нилъее жанисеб хӀал балъгоял гӀадамал гьеч1о цогидал кандидаталги. ЛъикӀго лъаларезда божилеб хӀалги гьанже дунялалда гьечӀо. Восе М. С. Горбачев. Берцинаб къагӀидаялъ Раисае кьураб сайгъатазухъ улкаги бичун чӀана гьев, щибго гӀайиб гьечӀеб ГКЧП жинцаго малъун тӀамун цере рахъинеги гьарун, жанир лъуна. Саназ данде гьабураб СССРалъул бечелъиги гьудуллъиги щущазабуна. Рахъ-рахъалде рикьун ана союзиял республикаби. Украина нилъеде данде чӀана. ВачӀана Б. Ельцин. Верховнияб Советалда бакьулъ г1арадаги речӀчӀун гӀадамал чӀвана. Ва улкаялъул бетӀер,-ян пенщелев вукӀин гурони щибго улкаялъе, халкъалъе гьабичӀо. Гьелда данде вахъана В. Путин, гьев ФСБялдаса гӀодов чӀана ва Ельцинида улка хӀурудахъ биччалеб бугин дуца,-ян лъазабуна.

Гьел руго нилъер улкаялъул тарихалдаса цо-цо лахӀзатал. Нилъ руго гӀемераб квешабги лъик1абги бихьараб халкъ. Гьединлъидал гьаб нухалда мекъи ккезе кинго нилъер рес гьечӀо.

Къимат кьечӀого тезе бегьуларо жакъа дунялалда бугеб ахӀвал-хӀал. Ахирият саназда нилъедехун санкциялги лъазарун, спорталъул къецаздацин дандеги рахъун, дунялго гӀажаиблъарал чороклъаби гьарулел руго Россиялде данде СШАялъ, Европаялъ. Щиб гьелъул магӀна? Гьел хӀинкъулел руго Россиялъукьа, къваригӀун буго гьелъул яргъилалгун гӀумро гьабиялъул къуватал рекизаризе, ай гьез абулеб буго геополитикаялда Россия букӀине бегьуларин. Щиб цохӀо гьезиедай гьаб дунял бижун бугеб? Биххизе СССРги гьабун, рикь-рикьизе халкъалги гьарун, нилъ лъугӀизари бугогуриха гьезул мурад. Жанисан гьодор нилъер улкаги гьабун гьеб биххизабизе хӀалтӀана ООНалде гӀунтӀун. БутӀрул гьечӀел бутӀрул ккеялъ гьезда гьеб цо къадаралъ гьабизеги кӀвана. Гьедин бикъа-хъамулеб улка кквезе вачӀана Путин. Кквезеги ккуна гьес гьеб. Амма гьабсагӀаталда гьев нахъе ани, цӀи вачӀарав ругьунлъизегӀан щиб къисматдай ккела халкъалъул! Хадув вачӀарав хӀалтӀулъе ккезегӀан сунде нилъ рачине ругел, яги Горбачев, Ельцин гӀадин жидерго мурадазул гӀадамал тӀаде ккани щибдай букӀина? Цебесеб унго-унгояб компартия бугебани дун гьелда рази йикӀинаан. Дагьаб къварилъи гьабичӀо нич бахъарал хӀакимзабаз диеги цогиязеги. Амма гьелъухъ балагьун дунялалъул рагъ кколеб гъалатӀ биччазе бегьуларо.

Дунялалда бугеб ахӀвал-хӀалалъухъ балагьун жакъа ургъизе заман гьечӀо. В. В. Путиница кколесда кколеб рагӀиги абун ккун буго нилъее рекъел. ВатӀаналде биччачӀого, рагъ бачӀине бегьулел бакӀазде къуватги рехун, лъугӀизарулел руго питначагӀи. Гьелъ дица рикӀкӀуна гӀицӀго В. В. Путиние нилъеца гьаракь кьезе кколин ва жакъа гьев кквечӀони Россиялъул гӀумро хӀинкъиялъукь бугин.

21 декабрь - Рахьдал мацӀалъул Къо

# Рахьдал мацӀ - напсалъул бухӀи

Учителасул махщалидехун батӀи-батӀияб бербалагьи букӀуна гӀадамазул. Дицани абилаан унго-унгояв чилъун инсан гӀеялъе аслияб мисалги, гӀелмудал гъамасги вугин учитель,-абун. Гьесул лъай кьезе бугеб бажариялъги, жиндирго гӀумро гьабиялъулъ бихьизабулеб мисалалъги куцала учителас гӀолеб гӀел. Гьеб абуни ккола «ЛъикӀаб босе, квешаб те»,-абураб принцип бугеб, даимгоялъе щивасул рекӀелъ хутӀулеб мисал. Киданиги кӀочонаро тӀоцевесев учитель ва



хадусел насихӀатчагӀи.

Лъебералда анлъго соналъ учителасул жавабияб хӀалтӀи тӀубазабулеб буго Шамильхъалаялъул гӀаммаб лъай кьеялъул школалъул учительница, Хунзахъ районалъул ГӀоратӀа росулъа ГӀабдулмеджидова ХӀалимат ГъазимухӀамадовналъ.

ГӀагараб ГӀоратӀа росулъ анцӀго классги лъугӀизабун Дагъистаналъул пачалихъияб университеталда Дагъистаналъул мацӀазул ва литератураялъул факультеталда цӀалана гьей. ХӀалтӀана гӀагараб школалда авар мацӀалъул учительницалъун. ХӀалтӀизе лъугьун анлъго моцӀ балелдего бажариялъухъ балагьун гьей тӀамуна цӀалул рахъалъ завучлъун, хадуб школалъул директорлъун хӀалтӀана цо соналъ.

Къисматалъ гӀумро гьабизе ячана Гъизилюрталде. Ункъго соналъ тӀубазабуна гьеб захӀматаб, амма хӀурматияб хӀалтӀи. Школалда аслияб хӀалтӀуда цадахъго рачунаан авар мацӀалъул ва литератураялъул дарсалги.

Рос бакӀал раялъул чи вукӀун I990 соналда гьал гочуна Шамильхъала поселокалде. Гьение щваралдаса нахъе ГӀабдулмеджидова ХӀалимат хӀалтӀулей йиго авар мацӀалъул учительницалъун. «РахӀат хвезабула дир цо-цо эбел-инсуца авар мацӀ лъималазда малъиялдехун тӀаса-масагояб бербалагьи гьабулеб букӀиналъ»,-ян абула ХӀалиматица. – Аслиял предметал лъарал гӀела лъималазда, гьезие бигьалъиги букӀине авар мацӀалдаса эркен гьаруни щиб»,-ян абула гӀемерисез. Гьедин гьабуни хадубккун чиясул кьучӀ кинабдай букӀинеб?,-ян рахӀатхун бицана гьелъ.

ХӀакъикъаталдаги сундаса жидеца лъимал махӀрум гьарулел ругелали бичӀчӀулеб гьечӀо гьединал эбел-инсуда. КӀудияв аваразул шагӀир Р. ХӀамзатовас «…Щай магӀарул чияс магӀарул гъасда,Чияр мацӀ бицунеб, гьеб рекъон гьечӀо»,-ян абухъего лъилалдаса къадараб буголъун гьукъулеб бугеб лъималазда рахьдал мацӀ лъазабизе. ГӀадада гуро гьелда абулеб рахьдал мацӀ,-ян. Гьеб нилъее щола эбелалъул рахьдадасан ва ккола нилъер кьучӀги кьибилги. «Авар мацӀалъул учительницалъунги йикӀун рекӀее захӀмалъулеб куцха жакъасеб гӀелалъ гьелдехун гьабулеб балагьи,-ян угьун хӀухьел биччана ХӀалиматица.

У. ХӀалимат ГъазимухӀмадовна йигоан унго-унголъунги авар мацӀалдаги лъималаздаги ракӀ унтарай учительница. ХӀалиматилгун гьабураб гара-чӀвариялдаса хадуб рижана дир гьал кочӀол мухъал.

**Авар мацӀ бицунарезде**

Авар мацӀ кӀваричӀин, культура-лъайин
Лъай гьечӀел гаргарал, гьал эбелазул,
Лъимадуй захӀмалъи хӀажат гьечӀилан
Тархъанлъи цӀехолел, цӀиял гӀадамал.
Жакъа магӀарул мацӀ бегьичӀонани
Эбелалъул рахьдал кьибил киб бугеб?
ГӀурус мацӀги бицун культура х1ани,
ХӀалалаб гӀумрудул аслу киб кколеб?
Дир кьибил киб бугеб, гьеб гьечӀеб гъотӀол
Пихъ кванан кидаго гӀорцӀизе ругищ?
ЧӀаголъи киб бугеб фанелаздайищ
Исламалъул мугьру бегьичӀонани!
Аваравлъун вукӀун бегьуларебищ
Лъай-махщел цӀикӀкӀарав куцазе инсан?!
«Что такое!,-ян чӀухӀи гьабуни
Гьебищ витӀун ккарав чиясул икъбал?!

**Саният КЪЕБЕДМУХӀАМАДОВА.**

**Жакъа нижеца лъабабилеб гьумералда кьолеб буго Г1абдулмажидоваХӀалимат ГъазимухӀамадовналъул «Авар мацӀги адабиятги цолъараб рагьараб дарс».**

# Шамилил вас Жамалудинил хӀакъалъулъ

Петербургалъул режиссерал Антон Сивирсица ва Леонид Пляскиница Дагъистаналъул бахӀарзазул рахъалъ кӀиго фильм бахъулеб буго. Фильм бахъулаго гьез мугъчӀвай гьабулеб буго Москвалъул Кавказалъул клубалъул нухмалъулев Ш. Жафаровасде.

Тарихияб кинолента «Аманаталда» бицунеб буго имам Шамилил вас Жамалудинил хӀакъалъулъ. Лъалеб букӀахъе гьев «АхӀулгохӀ» бахъулаго аманаталъе кьун вукӀана



Россиялъул императорасухъе

Фильм бахъиялъе кумек гьабулеб буго «Ленфильмалъ»,-ян бицана Жафаровас.

«Аманат» лентаялда бицунеб буго гӀурус ракьалда Жамалудинил гӀумроялъул.

КӀиабилеб фильм «Высота -220» бахъулеб буго «Беларусьфильмалъ». Гьениб бицен гьабулеб буго Ханпаша Нурадиловасул ба-х1арчилъиялъул х1акъалъулъ.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 8 (7304)*
*АрбагI*
*21 февраль 2018 сон*



КигIан лъикI арав мун ралъдахъе, къечон,
МугIрул иццул лъадал бацIцIалъи лъазе!
КигIан битIун щварав рокъове, вакъун,
Рокъоб тараб кванил тIагIам бичIчIизе!
ГьацIцIул тIокIлъи лъалищ цIцIам кваначIого,
КантIила, гIумроялъ дарс кьуни, гIалам.
ТIогьол махI бичIчIилищ чIахI сунтIичIого,
Вигьина, къисматалъ къакъани, инсан.

**ГIайшат МАЛАЧИЕВА**

# Авар мацIги адабиятги цолъараб рагьараб дарс

**Тема**: авар мацIги адабиятги такрар гьаби
РагIикъотI цIезаби
**Мурад**: авар мацIалъул ва адабияталъул цебехун малъараб материал такрар гьаби ва щула гьаби. ЦIалудехун рокьи бижизаби ва гьезул гIакълу-лъай цебетIезаби.
**Оборудование**: рагIикъотI

<u>Дарсил ин:</u>

I. Класс дарсиде хIадур гьаби.
а) Доскаялда бахъана рагIикъотI
б) Гьединабго рагIикъотI тIад бахъарал тIанчал щивав цIалдохъанасухъеги кьуна.
II. ЦIалдохъабазда гьикъана: лъимал, нужее бищунго вокьулев аваразул шагIир щив кколев?
ЦIалдохъабаз жаваб кьуна Расул ХIамзатов вугилан. Гьедин батани гIенеккеха нуж дир суалазухъ,-янги абун, дица гьезие гьадинал суалал кьуна: Расулица авар мацIалъул хIакъалъулъ адабияталда кинал рагIаби абурал?
ЦIалдохъанас абуна: «Метер магIарул мацI хвезе батани, хваги дун жакъаго жаниб ракI кьвагьун».
-Гьеб кочIол рагIабазул идея щиб?
-Авар мацI цIунизе ккей, нилъерго мацIалъул къимат гьабизе ккей.
-Кинав хъвадарухъанлъун нужеца Расул рикIкIунев?
-Нилъерго мацIги халкъги бокьулев, нилъергоги гьелъулги къимат гьабизе малъулев чилъун.
-Гьеб кинаб предложение кколеб?
-ШартIияб тIадежубараб предложение.
-РагIикъотIалда 7 абилеб номералда хъвай шартIиябилан.
-Гьал рагIаби лъил, щиб асаралдаса, идея щиб?
МагIарулал, дирго рахъалъ абила
Хваразул гьаб тIалаб битIараб буго
ВатIаналъе гIоло рухIкьунщинасул,
БетIер къулун хIурмат гьабизе ккола.
-ГIабдулмажид Хачаловасул «Хваразул цIаралдасан»,-абураб асаралдаса руго.
Гьелъул идея ккола ВатIан цIунулаго хварал кIочене бегьунгутIи ва гьезие памятникал разе ккей. Хвараз тIалаб гьабулеб буго гьарурабги хварабги сон ганчIида бикIизе.
«ВатIаналъе гIоло рухI кьунщинасул
БетIер къулун хIурмат гьабизе ккела»,- абураб предложение тетрадазда хъвай. «Гьабизе ккела» абураб рагIаби предложениялъул кинаб член кколеб?
-Составияб сказуемое.
-Составияб сказуемоейилан хъвай I3 номералда. Кколелъур лъалхъул ишарабиги лъун, хъвай:
«Огь, дир магIаруллъи, дир гIагараб ракь,
Дур багьадуразул гьунар, лебаллъи!
Тушбабаца бутIрул кьотIананиги,
Къисас босичIого гIодор кколарел».
Лъил ва кинаб асаралдасаяли бице.
-Расул ХIамзатовасул «Дир ракI мугIрузда буго»,-абураб асаралдаса
-Идея щиб гьел рагIабазул?
-БахIарчияв ругин магIарулал, тушбабакьа кьун чIоларин ва гьездаса къисас босичIого толарин холел ругониги,-абураб.
-«Дир магIаруллъи, дир гIагараб ракь» предложениялда жаниб щиблъун ккун бугеб?
- Обращениялъул ккун буго.
-Обращениейилан хъвай 2 номералда
Гьал кицабазул магIна баян гьабе, гьел тетрадазда хъвай.
1. ВатIан хириязе хвел букIунаро.
2. БахIарчиясул цIар цIвабзазде гIунтIулеб.
3. ГIелму гIемер цIаларасда гIемераб жо лъала.
-ВатIан цIунулаго хварав чиясул цIар нахъе букIунила. БахIарчиясул цIар кибего рагIулила. ТIахьал гIемер цIалани, гIакъло щолила.
-КIиабилеб предложениялъулъ «цIар» абураб рагIи кинаб членлъун ккун бугеб?
Подлежащеелъун ккун буго. Подлежащеейилан хъвай 5 абилеб номералда.
-Гьал рагIаби лъил ва щиб асаралдаса?
Йиж

араб росу тун сапаралъ индал
Бусен, къаданиб жо къвакIараб ккани,
Мун гьаюраб бабул хIеренлъи босун,
ХIулидул бусенлъун тIибитIе, месед.
-Машидат Гьайирбековалъул «Эбелалъул кечI»
-Идея щиб?
-Эбелалдасан мисал босе ва гIадамазда гьоркьор хIеренго йикIа,-ян аби.
-«Йижараб» абураб рагIи глаголалъул кинаб форма кколеб?
-Причастие ккола «йижараб». Причастиейилан хъвай 3 абилеб номералда.
-КочIол роценалъулъ дурусаб чвахи кин лъугьунеб? Гьелда щибилан абулеб?
-КочIолаб дурусаб чвахи лъугьуна хIарпал такрарлъун. Гьелда аллитерация абула. Аллитерацийилан хъвай 11 номералда.
-Гьал кочIол мухъал ракIалде щвезаре. Лъица лъиде абурал гьел кколел?
Муил азбаралда бакъ кIутIилалде
Мун вахунел щобал щола ракIалде.
-Кинаб предложениялъун гьеб ккун бугеб?
-ЦIадаса ХIамзатица МахIмудиде абурал рагIаби руго. Предложение буго заманалъун тIад жубараб.
-Заманлъунилан кколелъуб лъалхъул ишарабига лъун хъвай 8 абилеб номералда.
«Я, Аллагь бекаги кверги хвалченги,
ХIетIе гIодобчIваги, чIван таги! Амин!», лъил, кинаб асаралдаса?
-ГIабасил МахIамадил «Саба-меседо» абураб асаралдаса.
-Идея щиб?
-Булач хвайгийилан гьарулеб буго, щайгурелъул гьов т1екъав вукIун.
-Кинаб предложение гьаб кколеб?
-Предложение буго «АхIул». АхIулилан хъвай 6 абилеб номералда.
-Гьал рагIаби лъил, щиб асаралдаса?
Дурго росу бокьа, гIадатал рокьа,
ГIураб ватIаналъе ритIухъав вукIа.
-ХIажи Гьазимирзоевасул «Васасде» абураб асаралдаса рагIаби руго.
-Идея щиб?
-Жиндирго росуги бокьейила, росдал гIадаталги цIунейила.
-«Дурго» абураб рагIи цIарубакI буго. ЦIарубакIилан хъвай 4 абилеб номералда.
- Кколелъур лъалхъул ишарабиги лъун, хъвай, лъил, щиб асаралдаса.
Бокьула, бокьула дир гIагараб халкъ,
Бокьула, бокьула, дир кIудияб халкъ.
-«Бокьула, бокьула» – сказуемое, «дир гIагараб» - определение, «Халкъ» подлежащее, «КIудияб» - определение.
-«Бокьула» абураб рагIи глаголлъун ккун буго. Глаголилан хъвай I2 абилеб номералда.
-Гьал лъил, щиб асаралдаса рагIаби? «Бальгояй кочIохъаналъ бахъун ракIгун, пашманго нахъвуссун гIачиязухъе щвана ХIайдар.
-Муса МухIамадовасул «Манарша» абураб асаралдаса.
-Бищунго нужее вокьулев герой щив?
-Бищунго йокьула гьеб асаралдаса Манарша.
-Кинаб предложение ккун бугеб «Бальгояй кочIохъаналъ бахъун ракIгун»?
-Ишалъул куцлъун тIадежубараб предложениялъун ккун буго.
-Ишалъул куцлъун тIадежубарабин хъвай I0 абилеб номералда.
Гьал рагIаби лъил, кинаб асаралдаса? «Бокьула гьитIинаб халкъалъул гIагараб мацI»
-Гьал рагIаби руго Расул ХIамзатовасул «Дир Дагъистан» абураб асаралдаса.
Предложение членазде биххе.
-«Бокьула» - сказуемое, «ГьитIинаб» - определение, «Халкъалъул» гIагараб» - определение, «МацI» - подлежащее.
-«ГьитIинаб», «гIагараб» ккун руго определениялълъун. Хъвай 1 абилеб номералда определениейилан.
-Лъимал, рагIикъотIалда лъурал рагIабазул лъугьуна «Расул ХIамзатов»,-абун.
Лъие бокьилеб Расулил гIумроялъул ва творчествалъул бицине? Иргаялда рахъун цIалдохъабаз баян гьабуна Расул вугин пагьму, гьунар бугев шагIир. Дагъистаналъулги Россиялъулги чIухIилъун кколин гьев. Гьев вукIанин дунялалдаго цIар рагIарав шагIир. Гьев вукIанин жигарав общественнияв хIаракатчи, вукIанин Ленинил ва ТIолгохалкъалъулаб премиялъул лауреат, гьединго ЗахIматалъул бахIарчи. Гьес хъванин асарал гIадамазул гIумро бихьизабулел. Ахиралдаги цояс тIаде жубана гьединав цIар рагIарав шагIир нилъер вукIиналдаса нилъги рохарал ругин. Расулица хъвана: проза, драма, газетазда ва журналазда рахъана критикиял ва публицистикиял макъалаби. Гьединго хъвана гIемерал асарал: кучIдул, поэмаби, къисаби. Гьесул аслиял темабазул цояблъун ккола КIудияб ВатIаниб рагъ. Хъвана «Къункъраби» ва гь. ц.



**Комиссия:** Шамильхъалаялъул лъел суал

# Акт хIадур гьабуна



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъ ва «поселок Шамилькала» МОялъги цадахъ хасаб комиссия гIуцIун букIана Шамильхъалаялда лъим ч1езабулеб оборудованиязул техническияб рахъалъул бугеб ахIвал-хIал, ай бацIад гьабиялъул оборудованиязул бугеб хIалалъул хал гьабизе. Гьелъул председательлъун вукIана Шамильхъала поселокалъул бетIерасул зам. Ш. МухIамадов.

Комиссиялъ хал гьабуна лъим бацIад гьабиялъул оборудованиялъул бугеб ахIвал-хIал. Бихьизабуна гьабсагIаталда гьелъул эксплуатационнияб заман ун бугин, очистительнияб сооружениялъул конструкциялда рехун ругин кьватIелал, басралъул кьаву чIваялъ хьурун унеб бугин гьеб. Къокъго абуни санитариябгун техническияб качествалъул ва гигиена ц1униялъул рахъалъ жакъа къоялъул тIалабазе жаваб кьолеб гьечIин. Гьеб данде кколаро сахлъи ц1униялъул нормабазда. Бокьухъе микробалгун сахлъи хвезабулел бактерияб лъадалъе ккезе рес буго. Гьеб хIалтIулеб гьечIо экономикиял дандеккеялъул параметрабазул жакъасеб къоялъул тIалабазул технологиялъул циклазда.

Гьединго чIезабуна бицен гьабулеб сооружение хIалтIизабизе къун букIин гьеб хIалтIизе биччазе бегьулеб хIалалъ хIалтIаби лъугIизаричIого ва гьелъ букIине кколеб хIалалъ технологиялъул тIалабал тIуразарулел гьечIолъи.

Комиссиялъ очистительнияб сооружениялъул бугеб санагIат гьечIеб хIалалъул рахъ хIисабалде босараб актги хIадур гьабуна.

Дозул доба кин бугеб?

## ГIадатазул Индия

* ГIажаиблъи гьабизе ккараб жо Индия буго цебетIолеб экономикаялъул улка, компьютеразул технология гьабиялъул рахъалъ ккола лидер. Гьелдаго цадахъ гьеб буго суевериялъул ва некIсиял гIадатазул асараздаса рорчIизе кIоларел гIадамазул бакI. Индиялъул гIемерисел бизнесменазул буго чIагоял крысазул, гIункIкIазул алтаръ. ТIугьдузул бусен тIамун букIуна гьезие. Гьез рикIкIуна крысаби хирияб жал ругин ва гьез гьабулеб ишалъулъ икъбал босун бачIунин. Гьединго цониги чияс контракт хъваларо астролог гьечIого. Гьесул ва цIвабзазул кумекалдалъун бачIунин бизнесалъе битIккей,-ян рикIкIуна Индиялда.

* Индиялда гIемераб заманаялъ цIад балеб гьечIони жрецас (хъанчие лагьлъи гьабулеб диналда къурбан хьолев хъулухъчи) данде гьаризе ккола кIиго хIама. Мискинго гIумро гьабулел бакIазде ригьин гьабула къуркъбузул. Индиялда ракIалда гьечIого кобра чIинтIани нилъ жанир лъола ва хадурккун судал рукIуна. Борхьал Индиялда



рикIкIуна хирияв жаллъун.

* Гiемерисел Индиялъул штатазда жегиги цIунун хутIун буго ясалъе бахIарав викъулеб гIадат. БахIаралъул эбел-инсуца гIарцухъ ккурал наемниказ рикъула бечедал васал. ГIолилал тIамула къасе цо рокъор. Гьелдаса хадуб яс ячине васас инкар гьабуни, ясалъул эбел-инсуца гьев гIадлуялде ахIула. Цо-цо бечедаз жидерго васал цIунизе охрана ккун букIуна.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго райбиблиотекаялъул хIалтIухъан Султанова ХIалиматида ва тIолабго гIагарлъиялда эбел **Хадижат** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьелъие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги.



# Глаукома ва катарактаялъе рецепт

РакIалда чIезабе: сах гьариялъе къваригIуна хIелеко бугеб гIанкIуялъ гьабураб цIияб хоно. Гьабураб хоно кIиго къоялъ те (гьеб бецIаб кьералъул бугони лъикIаб букIуна). Хадуб гьеб бельинабе цо сагIаталъ гIодобе биччараб цIадуда. Бигьа гьабун белок хвеларедухъ тIаса хъал бахъе, къотIе ва нахъе босе тIогьилаб хоно. ГьитIинабго сyркIиниб лъе белокалъул кесек, тIаде тIе тIогьолъ гьабураб гьоцIо ва суткаялъ те.

Гьеб заманалда жаниб белок къвакIизе буго, гьоцIо абуни лъим гIадин лъугьине буго. Гьеб пузырекалде жанибе тIела ва радалги къасиги кIи-кIи капля тIинкIизабила. Амма гьеб тIинкIизабилалде чвахулеб лъеда гьоркье хьатги ккун, бералги рагьун гьурмада чанго нухалда лъим чIвай. 40 нухалъ чIвани лъикIаб букIунин абула. СахлъизегIан гьединги гьабун тIинкIизабе.

# ГIундузда жаниб хъуй бугони

ГIундузда, ботIрода жаниб хъуй бугони кумек гьабула гьараналъ (укроп). ХIадуре гьаран, тIубараб хьарахъ, гIаркьалаби, тIугьдул ва хьон. ГIисин гьабе, тIаде тIе 0,5 литр гьалараб лъим, 30 минуталъ термосалда жаниб те. I/2 стакан гьекъе лъабго нухалъ къойида жаниб кваналалде I5 минуталъ цебе.

Сах гьариялъул курс буго I-2 моцI.

Лъалищ нужеда?

# Хирургазул балъголъи

Лъалищ нужеда операция гьабулаго хирургаз хьахIилаб яги гIурччинаб кьералъул ретIел щай ретIунебали. Гьел кьераз кумек гьабула операция гьабулаго бугеб ахIвал-хIалалда хехго нахъгIунтIизе, хадув гьун бичIчIизе. ГIемераб заманаялъ хирург багIараб кьералъухъ, ай бидухъ валагьани, берал хехго свакала. Гьединго врачазда бичIчIана гIемераб заманаялъ бидул кьералъухьги балагьун хадуб хьахIаб кьералъухъ балагьани, беразда цебе гуккулел гIурччинккарал тIанкIал паркъолеблъи. Гьел бачIинахъего тIагIун унаро ва операциялъе квал-квал гьабула. ГIурччинаби хьахIилабги кьераз беразда цебе тIанкIал тIамизаруларо, гьезие хIалхьи букIуна, гьелдаго цадахъ багIараб, ай бидулаб кьералдехун асар бугеллъун хутIула.

# Вампиразул маргъо ургъун бахъараб гьечIо

Балагьараб мехалъ вампиразул хIакъалъулъ бугеб маргъо ургъун бахъараб гьечIо. ГIолохъанал гIадамазул биялъул гIелмияб кьучI буго. ЦIех-рехалъулаз бичIчIизабуна гIолохъанаб биялда унго-унголъунги херлъи нахъ бахъизабизе кIолин. Жибго би къваригIунаро гIолохъанлъиялъе. Гьелъул гьарурал дарабаз асар гьабула, кьучIалъе гьелъие босула синтетическиял белокал. Нилъер заманалда диабетиказги хIалтIизабула синтетическияб инсулин.


| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района. Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД. Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать - 2. 20. 18 г. 16. 40 фактически -17. 50 мин. Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз. |
|---|---|---|---|